



PWOSE VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

mardi 18 mai 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans 18 Me 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Co-Chair Michael Contompasis; Co-Chair Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Katherine Grassa; Matt Cregor; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Simon Chernow; and Tanya Freeman-Wisdom.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: Reyinyon 11 Me 2021 an](#)

[Prezantasyon: Mizajou Egzamen Admisyon nan Lekòl 18 Me 2021](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtanè ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamiyen, kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL);

entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Mesye Chernow ak Doktè Freeman-Wisdom te absan. Mesye Acevedo, Madam Aguirre, ak Madam Waite te rive aprè apèl telefonik lan.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN: mardi 11 mai 2021

Apwouve – Tout Gwoup Entèvansyon an te apwouve pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo mardi 11 mai 2021 an .

PREZANTASYON

Monica Roberts, Chèf elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done yo ak Responsabilite, te revize done adisyonèl yo selon demann Gwoup Entèvansyon an ki lye ak rezilta egzamen admisyon nan lekòl yo pou Ane Lekòl 2021-2022.

Madam Roberts te kòmanse nan prezante divès repons ak kesyon yo te poze konsènan Ministè Edikasyon Primè ak Segondè (Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education, MA DESE). Li te di Ministè Edikasyon Primè ak Segondè kolekte sèlman done enskripsyon global pou lekòl ki pa piblik yo. Konsènan kesyon an sou salklas sou-separe yo nan egzamen lekòl yo, li te di Biwo Edikasyon Espesyal la t'ap travay avèk lidè lekòl yo, epi lekòl yo pral dote an pèsònèl pou founi sèvis yo, ki genyen ladan l plan edikasyon endividyèl elèv yo (Individual Education Plans, IEP) ak nan ka kote yon sal klas ki esansyèlman separe nesesè, sa t'ap rive founi.

Madam Hogan te fè yon mizajou sou Census Tract epi apre sa kontinye avèk done adisyonèl yo sou envitasyon egzamen lekòl yo, espesyalman pousantaj envitasyon pa lekòl pa goup elèv pou toulède 7èm ak 9èm ane.

Nan pwochèn dyapozitiv yo, Madam Hogan te prezante pousantaj envitasyon ak elèv ki defavorize ekonomikman yo pa kòd postal nan 7èm ak 9èm ane sou yon konparezon de ane. Madam Hogan te fè remake pou pwoteje lavi prive elèv yo, lè yo te dezagreje selon plizyè karakteristik, pèsònèl la te siprime enfòmasyon yo.

Madam Roberts te prezante pousantaj envitasyon pa kòd postal ak tip lekòl pou 7èm ak 9èm ane pou de dènye ane yo. Li te prezante tou distribisyon Mwayèn Pondere Kimilatif (Grade Point Average, GPA) elèv envite yo pou 7èm ak 9èm ane.

Madam Sullivan te mande si li te posib pou jwenn done kòd postal yo ki te gen mwens pase 10 envitasyon. Li te di li te konprann enkyetif ki genyen avèk konfidansyalite a, men li te vle eseye konprann kòman li te kapab toujou genyen yon ide ak kisa done sa yo sanble.

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo

Zoom

mardi 18 mai 2021

Madam Hogan te reponn ak demann nan sou kòman anpil lekòl Boston Public School (BPS) pa t genyen okenn elèv ki te resevwa envitasyon yo nan Ane Lekòl 2021-2022. Pou 7èm Ane, te genyen kat lekòl BPS ki pa t genyen okenn elèv ki te resevwa yon envitasyon, ki reprezante 13 kandida an total. Pou 9èm ane, te genyen de lekòl BPS ki pa t genyen okenn elèv ki te resevwa yon envitasyon, ki reprezante sis kandida. Lekòl McKinley a pa t genyen okenn kandida pou 7èm oubyen 9èm ane, epi Horace Mann School pa t genyen okenn kandida pou 9èm ane.

Madam Skerritt te mande prezantatè yo si yo te genyen yon rezime analiz done GPA pa kòd postal. Madam Roberts te deklare ke pou 7èm ane, majorite GPA yo te B+ plis oubyen pi wo nan mwayèn pou katye yo. Majorite nan yo te ant yon B+ ak A-. Pi ba mwayèn nan an tèm de katye te nan zòn B plis. Madam Hogan te klarifye ke tout elèv ki genyen yon GPA pafè, yon 12, te resevwa yon envitasyon pou yon egzamen lekòl. Pou 9èm ane, GPA mwayen nan tout katye yo se te soti nan yon B+ rive yon A- nan tout kòd postal yo.

Mesye Acevedo te mande si pa te genyen prèv yon bès distribisyon GPA mwayen an, avèk kò elèv la ane sa pa rapò ak ane avan an. Madam Hogan te esplike sa paske GPA te reprezante diferan peryòd tan, li te difisil pu fè konparezon sa. Adisyonèlman, GPA jeneral la pa t awondi ane sa a yon nonb antye, alòske ane avan yo GPA elèv yo te awondi ak nonb antye ki pi pwòch la. Madam Skerritt te ajoute ke nan tan pase, GPA pa t sèl kritè, yon jan pou GPA elèv yo te kapab atenye oubyen konpanse pa nòt evalyasyon yo. Li te ajoute ke li te prevwa ke elèv sa yo ta epanwi yo avèk nòt yo te genyen yo.

Madam Contompasis te poze kesyon sou desizyon pou pa awondi nòt yo. Madam Lum te deklare ke Gwoup Travay la te deside pou yo pa awondi paske yo te vle atenye lyen yo.

Doktè Tung te poze kesyon sou yon definisyon rigè nan BPS. Madam Roberts te di Biwo Akademik yo ak Chèf Lekòl yo t'ap gade pi an pwofondè definisyon rigè nan BPS, men li te di ke Esansyèl BPS yo pou Egalite Pedagojik vize garanti rigè akademik epi nan ka sa rigè se akademikman, entèlektyèlman, ak ki pèsònèlman estimilan, konsa tou yon ansèyman, eksperyans aprantisaj, divès kou ak atant edikatif dirab sou plan kiltirèl ak lengwistik.

Doktè Tung te souliye diferans ki genyen ant definisyon sa ak sa yo itilize pa U.S. News and World Report itilize pou klase lekòl yo. Madam Skerritt te presize lè li t'ap pale de kenbe rigè a, li t'ap reflechi plis sou reyisit global nan lekòl la, jan sa mezire pa kijan lekòl yo jeneralman klase pa nivo oubyen pa reyisit, pase pwosesis aprantisaj reyèl la.

Madam Sullivan te ajoute ke se te yon kesyon enpòtan pou jwenn yon repons avèk li paske te sanble genyen yon lakin ant diferan definisyon rigè epi li te vle asire li ke manm Gwoup Entèvansyon yo te sou menm longè dond. Mesye Contompasis te ajoute ke kesyon kle a se: Kòman distri a mezire definisyon rigè?

Mesye Acevedo te raple manm yo sa li te ekspriye nan reyinyon vandredi 11 Me a, ke mo rigè, pou anpil moun se yon tèm eksklizyon ak kòman li enpòtan pou pwopoze divès rekòmandasyon admisyon k'ap pwoteje alafwa rigè lekòl yo pandan y ap rete enklizif.

Madam Sullivan te mande manm yo si yo te gen panse ak ide sou kritè yo.

Mesye Cregor te mande pandan yo revini ak Komite Lekòl la sou kesyon rigè a, yo t'ap rewè sa tou avèk yo, pati nan chat la kote yo fè referans ak divèsite epi asire ke li vrèman an konfòmite ak sa Komite Lekòl la ap atann Gwoup Entèvansyon an revize. Li te di egalman li atann pou genyen yon kontestasyon jidisyè, sa ki sinyifi yo dwe fè sa yo plis kapab an tan ke Gwoup Entèvansyon pou yo trè atantif ak detay epi konnen reyèlman règ debaz yo. Li te deklare tou ke yo bezwen asire ke kèlkeswa plan ke yo pwopoze, yo dwe fè yon egzamen peryodik ki kapab entegre kòmantè elèv yo sou eksperyans yo an fonksyon de ras yo, katye yo, ak estati sosyo-ekonomik yo.

Madam Lum te mande si yo kapab itilize politik tanporèa kòm yon referans pou kòmanse avèk li, epi amelyore li.

Madam Skerrit te di li t'ap santi li mal alèz pou itilize politik tanporè a kòm pwen depa, etan done ke li te kreye akòz de endisponibilite enfòmasyon espesifik yo. Li te di li te enterese nan modèl yo tankou Detroit, kote kandida yo te kapab aplike antan ke pwòp pèsòn yo, men avèk divès faktè ak konsiderasyon siplemantè baze sou estati espesifik yo. Li te di tou li ta renmen egzamine tip lekòl elèv la frekante a, paske kèk nan inegalite otou de bagay tankou preparasyon ak resous tès yo te souvan trè lye ak resous yo e ak estati lekòl yo.

Mesye Acevedo te deklare li t'ap pran prekasyon nan itilize politik yon ane a kòm referans, espesyalman rekòmandasyon ki te adopte pa konstitisyon an paske l te, pa definisyon, gen pòte limite. Li pa t panse ke li te klè pou menm politik la ta konfòm ak konstitisyon an alontèm. Li te panse tou li t'ap enteresan pou egzamine kominote ki te adopte tou espres politik alontèm yo.

Madam Grassa te deklare li te panse ke manm yo te bezwen genyen yon konvèzasyon reyèl sou si wi oubyen non yo pral itilize yon evalyasyon nan rekòmandasyon yo.

Madam Lum te deklare li te tande yon moun sigjere pou itilize notasyon nan plis matyè ke matematik ak Atizay Lang Anglè (English Language Arts, ELA).

Madam Skerrit te sipliyè ak tout manm ki pa t'ap rekòmande yon evalyasyon an tan ke konpozan politik la pou yo dakò sigjere yon lòt pwen done reyalyab tout kandida ki ta kapab reprezante pèfòmans elèv yo nan oubyen pwòch nivo klas yo avan yo enskri nan lekòl yo.

Madam Sullivan te fini nan mande ak manm yo pou yo reflechi si yo te konsève yon politik ki te vize ekskli oubyen enkli elèv yo, paske suivan politik yo te gen entansyon pou konsevwa, sa t'ap enfòmè tip kritè yo ta kapab rekòmande pou yo enkli nan yon politik. Li te ankouraje chak manm tou pou konsevwa endividyèlman yon politik pou ede yo gide refleksyon endividyèl yo pandan y'ap ba yo yon bagay pou travay avèk li lè yo rasanble nan yon gwoup.

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Travis Marshall, rezidan Roslindale, paran Bates Elementary School, te temwanyè kont yon tès ak an favè yon politik k'ap sèvi tout elèv Boston yo.

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo

Zoom

mardi 18 mai 2021

- Jane Zhou, rezidan West Roxbury, ansyen paran BPS, te temwanye an favè pou kenbe nòm akademik elve egzamen lekòl yo.
- Alan Tian, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye kont kritè kòd postal la.
- Stuart Wang, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye kont kritè kòd postal la.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye kont kritè kòd postal la.
- Rachel Miselman, rezidan East Boston, ansyen elèv BPS, te temwanye konsènan preyokipasyon mizannè plan kòd postal la.
- Sarah Grandfield, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye sou fason BPS te founi done admisyon yo, ak konpozisyon Gwoup Entèvansyon an.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Mesye Contompasis te raple manm Gwoup Entèvansyon yo ke yo ta pral genyen yon konferansye pou reyinyon vandredi 21 Me e ke yo ta ka pouswiv diskisyon sou kritè yo.

NE

Nan apwoksativman 7:04 p.m., Komite a te vote nan inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif